

D+S

M

Témouin limiè

Jn 9,1-41

NF p. 343

4^{ème} dimanche de Carême A

1 Sm 16,1-13 ; Ps 23 ; Ep 5,8-14 ; Jn 9,1-41

Paroles et musique : 14 mars 1999

- R. Limiè-a kléré nan fènoua,** Jn 1,5 ; 9,5 ; 3,19 ; Lc 1,78 ; 2,32 ; Is 42,6 ; 49,6
Ringn fènoua yo minm pa réyisi baré li ; Jn 12,35 ; Sg 7,30
Limiè-a kléré nan fènoua,
Moun k-ap suiv chémin-l, yo pap maché nan noua. Jn 8,12
1. Avèg la pa-t ouè limiè, Jn 9,1-41
 Granmèt la mété labou sou tou dé jé li ; Gn 2,7
 Avèg la pa-t ouè limiè,
 Li vi-n ouè Jézu, Limiè Bondié voyé. Jn 9,7 ; 3,17 ; 4,34 5,30 ; 7,28 ; 8,42 ; 17,30
 2. Moun k-ap dòmi, fò-l lévé, Ep 5,8-14
 Granmèt la kléré pou-l révéyé tout mò yo ;
 Moun k-ap dòmi, fò-l lévé,
 Pou limiè Granmèt la chanjé sa-k nan kè-l.
 3. Sé Granmèt la k-ap kondui-m, Ps 23,1-8
 Li sakré-m ak luil pou-m suiv chémin l-trasé-a ;
 Sé Granmèt la k-ap kondui-m,
 Anyin pap manké-m ninpòt koté-m pasé.
 4. Sé sa-k piti dévan moun Jn 9,39 ; 1 Sm 16,11
 Granmèt la chouazi pou-l fè-l sèvi témouin li, Mt 11,15
 Sé sa-k piti dévan moun 1 Co 1,27
 Ki jouinn fòs, limiè, sajès, intélijans. Is 11,2
 5. N-ap kléré tankou flanbo, Ph 2,15
 Pou limiè Granmèt la kap gayé sou tè-a ;
 N-ap kléré tankou flanbo,
 Pou yo ouè aksion Granmèt la, jan yo bon. Mt 5,16 ; Gn 1,3-31
 6. Moun jijé sou laparans, 1 Sm 16,13 ; 1 Co 4,5
 Granmèt la li minm, sé nan fon kè l-gadé nou ;
 Moun jijé sou laparans,
 N-ap maché byin douat malgré chémin-n krochi. Si 4,17
 7. Sé pou-n fè kè nou kontan, Is 66,10-11
 Nou tout ki té konn poté rad dèy sou nou-an ;
 Sé pou-n fè kè nou kontan,
 Fòs limiè Granmèt la ba-n ankourajman. Mt 2,10
 8. Granmèt la sèvi-m limiè, Ps 27,1
 Sé li-k délivré-m, kilès ki pou fè-m pè-a ?
 Granmèt la sèvi-m limiè,
 Tout moun mèt lagé-m, li minm l-ap résévoua-m. Ps 27,10